# Xayartu Limaamu

Bismil-l-Lâhi-r-Rahmâni-r-Rahîim

Poéme "Xayartu Limaamu"

par: Imam Mouhammadou Saxiir Gaye (RTA)

1-Bi ismil Ilaahi ma wax fii li Laahi« Fadaa-i là Laahi » ci waa ahlu Laahi

2-Buur Yàlla-a di xééwël, ba tax ku ka gééwël
Di sikar mu xééwal la, jannata Laahi

3-Nun dey wàr nanoo xam ne Yàlla nammeelamLa indi ci baaxam Imaamil Laahi

4-Mu yékkëti lislaam mu sax fii ci «kàllaam »« Minna Laahi » baatam ba jolli wa Laahi

5-« Xayartu » Limaamu mi ñëw ngir nu jaamuBa yékki « Kàllamu tawhiidi li Laahi

6-« Alhamdu li Laahi bi tawfiixi Laahi »Imaamu Ilaahi nu gëm ko wa Laahi

7-« Fayaa Ahlu laahi » saxoo leen li Laahi« Bi Zikril Ilaahi » te doy loo bi Laahi

8-Buur Yàlla cik màggaam la yònni malaykaam,Ñuy seet gééwi gaayam ci waa « Ahlu Laahi »

9-Seen jénééri yu leer ya , ya leer melni weer yaaÑoo leer gindi gaa ya ñu wër leen wa Laahi

10-Malayka ya peek leen te wër leen te yiir leen,Fu ngeen ne ñu xam leen bi Zikril Ilaahi.

11-Te ñoom du ñu dellu feek gaaya di boolooCi Yàlla te doyloo « Bi Zikril Ilaahi »

12-Ba saa ya ñu delloo ca Buur ba ñu doylooMu laaj la ñu soxla « Bi Zikril Ilaahi. »

13-Ñu naa ka yaa Rahmaan da ñoo ragal « niiraam »Té bëgg am « ridwaan » « Bi nihmati Laahi »

14-Buur Yàlla naa leen ndax dañoo mosa gis saxMbugël ya ca biir tax ñu gëm ma fii Laahi

15-Am ñoom dañoo séénoom Aljana ak wildaanYay teeru ñaa deewoon "fi rahmati Laahi"

16-Malayka ya naa ka diwa nga fa kookaDa doon déglu rekka "Bi Zikril Ilaahi"

17-Yàlla ne mey naa leen la ñuy wut te maa leenDi wottu musël leen « Bi nasrati Laahi »

18-Malayka ya naa ka da ñoo dégg « an ka »Rasuulu wax leen ka ñu gëm ko wa Laahi

19-Yàlla ne mey naa leen la ñuy wut té maa leenDi wottu musël leen « Bi nasrati laahi »

20-Malayka ya naa ka diwa nga fa kookaDa doon déglu rekka « Bi Zikkril Ilaahi »

21-Yàlla ne jéggël naa ñoom népp te wòòr naAk ku xolom neex na « Bi Zikril Ilaahi »

22-Lii dey doy na cee wax ci kuy dégg ay wax Ndax Buur Yàlla moo wax “fi Zikril Ilaahi”

23-“Wul law kaana bahru Midaadaan fa bahruLa nafidal bahru Li kilmati Laahi”

24-Seetal saaru kaafi ba giska te kaay fiiNga xamne amul fii lu gën Zikril Laahi

25-Yalna nu Buur Yàllay Tëbb ca leeram yayNgënnèl ya ci wormay Imaamil Laahi

26-« Wa salli wa salliim Ilaahi wa karimAlaa Seydil ummam Bi zikril Ilaahi”